

## Lèt NYSDOH pou Premye Enskripsyon nan Pwogram Sèvis Health Home

### Pou Itilizasyon Founisè ki Alatèt Sèvis Health Home ki Deziyen

Chè

:

Mwen ekri ou pou di ou byenveni nan Pwogram Eta New York pou Sèvis Health Home (Yon Health Home se yon modèl swen sante kote yon responsab dosye kowòdone ak bay aksè nan tout sèvis yon manm bezwen (medikal, sante konpòtmantal ak sèvis sosyal) pou li rete an sante.) Depatman Sante te prepare Pwogram Sèvis Health Home ofri ou plis sèvis pou satisfè bezwen swen sante ou pou ou ka rete an sante otank posib pou ou.

Avèk \_\_\_\_\_, w ap gen yon Manadjè Swen k ap travay avèk doktè ou yo pou:

- fè atansyon espesyal nan bezwen swen sante ou,
- asire ou jwenn sèvis medikal ou bezwen yo; epi
- ede ou jwenn sèvis sosyal ou bezwen, tankou kote kay pou rete ak manje.

Sèvis anplis sa yo gratis. W ap jwenn sèvis sa yo sèlman si ou vle yo. Se ou ki ka chwazi.

\_\_\_\_\_ ap travay avèk anpil founisè swen sante ak sèvis sosyal pou ba ou sèvis Health Home. Yon Manadjè Swen ap rele ou nan yon ti tan pou ba ou plis enfòmasyon, epitou pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan sèvis anplis sa yo.

Si ou gen kesyon oswa pwoblèm, ou kapab rele

gratis nan nimewo \_\_\_\_\_.

Ak tout kè mwen,